No. 10 7 Maart 1930 Taoen 10.

RAGAD ADVERTENTIE:

Kabar premili: 1 — 30 temboeng f 1.— Langkoengipoen, saben 10 temboeng oetawi kirang: f 0,50.

Advertentie limrah: f 0,15 sagaris; (apes: f 1.25).

Moendoet kapatjak langkoeng saking sapisan, oetawi moendoet dados lengganan, tepang rembag roemijin kalijan administratie.

Hoofdredacteur:

B. SOEMARNA

kabantoe

REDACTIE-COMMISSIE.

SWARA-TAMA

SERAT KABAR KATHOLIEK

Medal saben dinten Djoemoewah.

REGINIPOEN LENGGANAN SWARA TAMA

1 taoen . . .	f 6,—	njoewoen kabajar roemijin.
1/2 „ . . .	f 3,—	
3 woelan . .	f 1,50	

Adrèsipoen **Redactie** lan **Administratie**

IGNATIUS-COLLEGE

DJOKJAKARTA.

Drukkerij „Canisius" Djokja.

ISINIPOEN:

KONDJOEK RAMA L. VAN RIJCKEVORSEL S. J.

Sapinten tjoewaning panggalih dalem, déné ngantos boten saged andjenengi parepatan warga P. K. W. mbéndjing tanggal 16 Maart ngadjeng poenika, déning kaselak kedah kondoer perlop dateng nagari Walandi perloe amemoelih kasoegenganing salira dalem. Angèstokaken dawoehing Pangageng, dinten Rebo tanggal 12 Maart Pandjenengan dalem kedah sampoen mantjal saking palaboehan Tandjoeng Priok. Sanadyan ingadjeng P. K. W. sampoen mangertos, bilih ing dinten tapoeking parepatan Pandjenengan dalem kepeksa amasrahaken pakarjan dalem ngasta Parampara, ananging djengkar dalem ingkang kalajan dadakan waoe saèstoe adamel wewahing wijoganing manah. Kados badé nama moerang saking tata soesila jèn ta P.K.W. anjoewoena sandéning dawoeh, mila wontenipoen namoeng moepoes soeméndé ing karsa.

Rama! Angèngeti lelabetan dalem wiwit kalanipoen P. K. W. lair ngantos doemoegining titi mangsa ngantjik diwasa, angèngeti oegi anggèn dalem ngoerbanaken salira moerih bagja joewananing Swara-Tama saha jejasan sanès-sanèsipoen, raosing manahipoen P. K. W. bebasan kebak loebèr, boten saged ngampet baloedaging panarimah ingkang tanpa oepami. O, noewoen, noewoen, sèwoe sembah noewoen dateng sih kadarman dalem waoe! Boten amoeng moegi-moegi ing sadaja karkat saha tradjangipoen P. K. W. ing saladjengipoen tansah angeplekana idam-idaman dalem, sageda mikantoeki dateng bangsa toewin tanah woetah rah kita.

Ing woesana kanti toeloes iklasing manah angatoeraken pambagja soegeng tindak dalem dateng nagari Walandi, boten sepi ing pangadjap toemoentena pinaringan barkating Pangéran waloeja kados ing wingi oeni.

Ambarawa 2 Maart 1930.

P. K. W.

PRADJA RAHAJOE.

IMMIGRATIE LAN EMIGRATIE.

Immigratie inggih poenika lebetipoen bangsa ngamantja ing tanah Djawi ngriki. Emigratie késahipoen tijang Djawi dateng tanah sabrang.

Saweg taoen ingkang kapengker ingkang loemebet tanah Djawi wonten Walandi 4900, bangsa Éropah sanèsipoen 950, Tjina 9900, Djepang 211, Arab lan sanèsipoen 1200 kepara langkoeng.

Tjatjahing Tjina ing taoen 1929 soeda 500 katimbang ing taoen 1928. Katimbang roemijin-roemijin tjatjahing Tjina sepoeh ingkang oemoer 60 lan 70 langkoeng katah, mratjihnani, bilih ing tanah Tjina ngrika bab pangoepadjiwa ngrekaos. Tjatjahing goeroe oegi mindak. Anggeripoen boten mbekta winih communisme kémawon, taksih loemajan!

Tjina katah sami mriki poenika margi djoeragan Tjina ing ngriki sami betah berah Tjina.

Manoet angger-angger, boten kénging loemebet ing tanah Djawi, jèn boten gadah jatra samanten-samanten kanggé pawitan gesang wonten ing tanah ngriki.

Kadjawi poenika wonten sabab sanès ingkang ndjalari tetijang ingkang badé mlebet tanah Djawi, sami katoelak; poenika katindakaken toemrap Wlandi 11, bangsa Éropah sanèsipoen 17, Tjina 217, Arab lan bangsa sanèsipoen 14. Wonten bangsa Éropah 4 lan Tjina 1 katoelak, margi mindak damel dahoeroe wonten ing ngriki.

Para maos sami ngertos bilih saben taoen tansah wonten immigratie kémawon. Tijang ngamantja ingkang ngrekaos panggesanganipoen wonten tanahipoen pijambak, gadah pangadjeng-adjeng wonten ngriki saged tjekap oetawi soegih.

Kosok-wangsoel, tijang Djawi ingkang wonten ngriki ngrekaos gesangipoen, gadah pangadjeng-adjeng wonten ing Soematra oetawi Bornéo saged tjekap lan soegih. Emigratie inggih katah. Saking Ngajodja, Poerwaredja lan Kitaardja kémawon saweg wekasaning taoen kepengker wonten koeli kontrak djaler 3948, koeli kontrak èstri 169, tijang èstri ingkang boten dados koeli kontrak, namoeng toemoet sémahipoen wonten 871, laré wonten 1230. Poenika émigratie saking kadjengipoen pijambak toer saweg 3 kita. Emigratie sarana dipoenapoesi wèrek temtoenipoen taksih katah.

Dados tjetanipoen makaten soer-soeran: tijang ngamantja mlebet, tijang Djawi medal. Manawi medalipoen waoe saking kadjengipoen pijambak, boten dados poenapa. Limrahipoen ingkang sami medal saking tanah Djawi poenika sampoen brobrok ing ngatasing sandang tedanipoen. Badé andjenggèlèk sampoen boten saged. Sinten ingkang saged mitoeloengi, soepados taksih wonten ing ngriki, nanging dados gagah? Boten wonten. Wontena, bokmanawi taksih dèrèng saged andjenggelèk, amargi kekendelanipoen kantoen sadedik. Kekendelan sakedik poenika sapoenika kanggé pawitan wonten ing tanah sabrang. Jèn wonten ngrika saged langkoeng tentrem gesangipoen, poenapaa badé mrika teka dipoenalangi-alangi?

Bokmanawi wonten bangsa nationalist totok ingkang moengel: „Ora, betjiké Tjina barang koewi dilarangi mleboe." Ah boten soesah dipoenawisi, temtoe boten badé loemebet, samangsa ing ngriki boten gampil anggènipoen pados teda. Déné anggènipoen gampil waoe, amargi tijang Djawi pijambak ingkang anggampilaken sarana poeroen njamboet, mindring lsp. Anggeripoen watak remen njamboet, watak boten poeroen njèlèngi, watak aras-arasen damel cooperatie lsp. boten dipoenitjali, tijang Djawi taksih ambetahaken bangsa Tjina. Jèn makaten poenika immigratie kalijan emigratie ladjeng tansah wonten kémawon.

poen P. D.

BAB: ARBEIDSDUUR.

I. Kadjengipoen temboeng: arbeidsduur.

„Arbeidsduur" (dangoening tijang njamboet damel) ing ngriki tegesipoen: dangoening tijang njamboet damel, kapétang tjatjahing djam saben ing sadintenipoen. Oetawi tjatjahing djam tijang njamboet damel saben ing saminggoenipoen kapara nenem. Dados boten kapétang saben ing sataoen oetawi ing sawoelanipoen.

II. Bab: maximum-arbeidsduur.

Ing sadéngaha golongan ratjakipoen sami ngrembag sanget dateng prekawis poenika, sami mboedidaja amrih adilipoen. Maatschappij (kempaling tijang-tijang) temtoe welas soemerep berah ingkang rekaos njamboet damel langkah saking samestinipoen. Mekaten oegi temtoe boten nglilani manawi soemerep patroon (werkgever) ingkang meres sanget-sanget dateng berahipoen. Makaten poenika sampoen doemoenoeng wonten ing raos kaadilan, lan mergi dajaning naastenliefde (katresnan dateng sesami).

„Maximum-arbeidsduur" poenika satoenggil-toenggiling panggénan boten temtoe sami. Kados déné ing Nederland ngwontenaken pranatan: toemrap laré (sangandapipoen 16 taoen) lan tijang èstri boten kénging langkoeng saking 11 djam saben ing 24 djamipoen (per etmaal).

Ing pradja sanès dèrèng temtoe menawi 11 djam. Mekaten poenika dipoenwastani „Wettelijk maximum." Wettelijk maximum poenika boten preloe dipoenetjakaken trep, mergi tijang nemtokaken maximum poenika kedah mawang prekawis warni-warni, oepami: dateng ingkang njamboet damel, dateng pedamelanipoen, tebihing papan padamelan saking grijaning berah enz.

Rèhning saben-saben kedah mawang prekawis warni-warni mila ing riki namoeng njebat ingkang dipoenwastani: *„etisch maximum"* tegesipoen: maximum ingkang mawi mawang prekawis warni-warni waoe lan langkoeng-langkoeng nglinggihi kaadilan lan kabetamèn. Inggih „etisch maximum" ingkang manoet ethica (zedekunde) ingkang dipoenkadjengaken ing riki.

III. Antjer-antjer (maatstaf) *maximum-arbeidsduur.*

Saben tijang poenika koewadjiban njamboet damel, margi:

1e. Poenika sampoen dados kersaning Pangéran. Lan malih saben tijang kedah ndjagi dateng lestantoening gesangipoen, sarana neda ingkang angsalipoen saking njamboet damel.

2e. Saben tijang, poenika dados (tjalon) pangagenging brajat (huisvader), ingkang kedah madosaken teda anak sémahipoen.

3e. Gesang kita sadaja poenika woedjoed: maatschappij, ingkang gesangipoen kedah toeloeng-tinoeloeng. Saben tijang poenika dados péranganing maatschappij, dados kedah tetoeloeng dateng maatschappij (tijang kantjanipoen gesang), asarana wohing pedamelanipoen.

Manoet golongan sepisan, tijang Katholiek boten namoeng dinten Ngahad kémawon anggènipoen ngetingalaken Katholiekipoen, nanging dinten limrah, inggih sampoen saged ngetingalaken pangabektinipoen dateng Pangéran, asarana njamboet damel.

Badé kasambet.

J. I. N.

-:- LARASATI. -:-

GESANG RERAJATAN LAN DJAGAD SOCIAL.

Wewenang lan wadjibing bendara dateng abdi.

Tijang ing donja poenika gesangipoen (timbalanipoen) boten sami; wonten ingkang katimbalan dados tijang mratapa, wonten ingkang dados Imam lan ingkang sapérangan ageng sanget katimbalan gesang salimrahipoen, manoet pangandika Dalem Goesti Allah dateng Iboe Kawa lan bapa Adam: pada bebranaha. Kedjawi ingkang makaten poenika ing djaman ramé ngriki inggih wonten ingkang tjekap, wonten ingkang boten. Makaten poenika kedah wonten, malah kedah dipoenwastani djanggelan ingkang nomer satoenggal, soepados gesang sesarengan saged toemindak.

Kodratipoen tijang poenika sami kémawon, ananging béda-béda watek toewin dasaripoen (kesagedanipoen); pramila inggih ladjeng ngwontenaken oenda-oesoeking dradjat (pangkat); wonten pangageng lan sorsoran, wonten bendara lan abdi. Sanadjan makaten gesang sesarengan badé saé toemindakipoen, manawi sadaja warga mangertos lan nindakaken poenapa kawadjibanipoen. Sapoenika doemoegi ingkang badé koela atoeraken.

Abdi poenika poenapanipoen bendara? Tegesipoen: kados-poendi panganggepipoen bendara dateng abdinipoen?

1. Abdi kedah dipoenanggep kados tijang berah, ingkang njamboet damel kanggé sawatawis wedal nganggé épahan; mila bendara jèn badé adil, kedah njoekani blandja abdinipoen ingkang dados mestinipoen, manoet pradjangdjian; anggènipoen mblandja kedah netepi angger adil. Oepami wonten tijang margi saking kapeksanipoen, djalaran boten wonten ingkang dipoenteda, ladjeng dados abdi (batoer) nanging dipoenblandja sakedik, bendara waoe boten netepi leres, kirang adil, saminipoen tijang berah (kapeksa berah) dipoensoekani épahan boten moerwat lan pendamelanipoen. Kedjawi ingkang kasboet nginggil, bendara boten kénging ngoentet blandjanipoen abdi, malah kala-kala kedah njoekani persèn.

2. Abdi kedah kaanggep sesamining manoengsa déning bendaranipoen; dados bendara boten kénging ngedir-ediraken diri. Kalihkalihipoen poenika atoenggil Rama ing Swarga, lan sami déné toemitah mawi boedi. Bendara boten kénging dak wenang, ladjeng nganggep abdinipoen kados réntjang toembasan, malah kapara ngaosi kamanoengsanipoen. Abdi kedah kaoedi amrih wiloedjengipoen, inggih menggahing badan, inggih menggahing soekma, poenapa malih kawadjibanipoen bendara inggih ndjagi sagedipoen abdi nglampahi ngibadah.

Anggènipoen njoekani pandamelan dateng abdi kedah ngèngeti kakijatanipoen lan njoekani wedal kanggé ngaso. Manawi abdi pinoedjoe sakit bendara kedah ngoedi sagedipoen kaoepakara saé; ing ngrikoe bendara saged ngatingalaken tresna lan asihipoen dateng abdi.

3. Abdi kedah kaanggep kados brajatipoen pijambak, boten namoeng kados tijang berah blaka; sebab abdi sampoen nama kadadosaken satoenggal, nama kawengkoe pangagenging brajat, sanadjan sadjatosipoen dédé anak oetawi premili. Mila bendara ladjeng kedah ngoelatoelataken abdinipoen; ngèngetaken samangsa abdi gadah tingkah ingkang kirang prajogi. Lan ing ngatasing abdi ingkang dèrèng ngoemoer, bendara poenika prasasat sesoelihipoen tijang sepoeh (bapa bijoeng); bendara kedah njoekani pitedah lan toelada saé, soepados dados katja-benggala sinoedarsana ing sadaja para abdi.

Kawadjibanipoen abdi dateng bendara koela rembag dinten wingking.

A.

KOEROE SÉTRA.

NDÉJAN NÈH.

Temboeng ndéjan poenika sadèrèk ing Banjoemasan, mesti sampoen ngretos tegesipoen. Sareng koela maos Sw. Tm. nr. 5/31 Jan. 1930, reg. 1-2. (ing per. kabar oemoem Indonesia) ladjeng gèdèg × 2. Lo, wiwit saprika doemoegi sapriki teka taksih wonten kabar GOROH. (dora) ingkang makaten poenika nama damel tjatjading srira pribadi saha njlorèngi serat kabar ingkang ngemot.

Poenika kirang padamelan poenapa nijat kados-poendi. Jèn boten saged damel kabar njata, bok inggih áloewoeng poen gangsal BÉNGGOL poenika dipoenploengna ing gontèngan (TJÉLÉNGAN). Botenipoen ngaten bok kanggé toembas montor, apes angsal 13, tengah toegel. (Jèn noedjoe mirah kasapé manawi angsal 25-tengkel pandjang). Kadahar sarwi ngéngkrang, njripit wédang tèh kentel, wah adoeh njamlengipoen, boten kawon kalijan roti dipoensmeer mertéga mawi dipoenwoerwoeri kèdjoe. Hahak, soenggoeh amat lezat, tjita rasanja, toemrap ingkang kresa poenika.

Jèn ingkang asoeng kabar waoe Correspondentipoen B.M. noen inggih Corr. lantjang toer katik wewah pintjang. (Ning boten pintjang soekoenipoen lo, jèn pintjang temenan, sampoen dados panggalih)! Ngawoer, atismak batok, mata mlorok ora kanggo ndedelok sing kétok mélok goematok, troewatja kadi katjaa priksana.

Poenapa sababipoen Red. oetawi Hoofd-Red. wani (kresa) ngemotaken? Wangsoelanipoen: (manoet wawasan koela), awit boten mesti tjelak oetawi kempal noenggil kalijan poen GOROH waoe!

Saoepami koela dados Hoofd-Redacteur oetawi Redacteur jèn wonten Corr. GOROH, koela sirik selama hidoep. Nanging makaten poenika waoe noen inggih angèl, angèlipoen jèn mboenglon oetawi main soelap. Awit nadyan Hoofd-Red. oetawi Red. poenika sidik, rak limrahipoen boten pirsa sadèrèngé winarah ta! Sidik dateng karangan, jèn sampoen wonten médja Red.

La, sapoenika koela pitakèn; „Nadyan kawoning kanda déning njata, poenapa poen GOROH waoe boten kénging (saged) ditoentoet dimoeka hakim?

Ngemoedèni courant alijas dados Red. poenika dédé (boten) padamelan gampil. Boten kénging sinangga miring antem krama kémawon apa adanja. Mangga karaosna ki Red. jèn atoer koela ngatjemong ngaja wara. Mila kedah awas, trampil, limpad spn.

Leres, kabar poenika nonsens omong kosong, tanpa njata; toemrap ingkang kataman saged (kénging) kaanggep raboek, boten badé ngganda kados sekar bangah, nanging malah damel ngambrat kados sekar mawar petak, nanging kémawon ingkang mandégani (ngemoedèni) B.M. poenapa boten saged akèn dateng poen GOROH waoe kapoerih mantoeni? tijang sampoen genah boten njata ngaten. (Dibotjahaké kaja sing doeroeng bisa sisi, aaahhing wadih-wadjih-wa-). Njana-njana oetawi pandakwa ingkang boten maton tjeta, sok damel béka lan roebéda."

POETOET NGÉNDRAKILA.

TANGGAP SABDA.

Maos oréan ing Sw. Tm. ngriki ingkang atjiri Arga Pontjol 16 Febr., koela (dongkolan Koelon Progoër) oegi roemaos ketaman. Sadèrèk!!! Mangga koela atoeri nggatosaken! Koela ndalang lampahan Koelon Progo. Toelada lan pakarjan.

Kjai dalang I. stichter lan ex voorzitter S. T. E. R. (Soetya Toehoe Èsti Rahajoe). pakempalanipoen para goeroe ing Wt. Koelon Progo inggih goeroe Katholiek, Protestant lan para goeroe goepermèn.

II. Ngadegaken lan moelang Holl. Cursus kanggé para goeroe.

III. Toemoet damel lan moorzitteri comité uitvoering kanggé njokong Internaat Kopschool Wates, Tiong Hwa Kwik Kwan, lan kas Krida Oetama.

IV. Ngadegaken lan mangarsani P.N.S. Koelon Progo.

V. Ngadegaken pang P. G. H. B. Koelon Progo (Wt.).

VI. Damel Normaalleergang.

Margi pakarjan poenika njata damel aroeming sadèrèk Katholiek ing Koelon Progo, langkoeng-langkoeng ing Wt. kala semanten.

K. W. sampoen katata saé, éntré lan contributie toemandja kanggé njekapaken Mis Soetji ing Wt. (Oebarampéning altar awarni wadah sekar sasekaripoen, gelaran, K. W. Koelon Progo roemijin pantjèn dèrèng ngatingal ing djagad Arga Pontjol, djer betahing Missie Wt. kémawon ingkang perloe dipoenwonteni sanalika dèrèng katjekap).

Pangroekti-laja kanggé para goeroe oemoem oegi gadah. Pangroekti-

laja kanggé gotrah Katholiek oegi sampoen gadah. Kekalihipoen sampoen tetoeloeng kala ingkang mbaoereksa Standaardschool kasripahan.

Toemandang dateng doesoen toemindak sanget, Penggoeng Pengasih enz. kerep koela saba sanadyan marginipoen roempil.

P. P. K. D. kala semanten saweg dados gagasan, dèrèng wonten madeg. Ribedipoen mbabad énggal priksa pijambak.

Mangga poenapa kirang actief, tijang satoenggal mangarsani 4 a 5 pakempalan boten sandé secretaris oetawi penningmeester pakempalan sanèsipoen, apes commissaris. Ta koela oemoeki sapoenika!!

Déné sapoenika kénging sesakit mèndel lan boten actief déning satrija ing Arga Pontjol, mila boten wonten dokter ingkang saged paring oesada kedjawi sinatrija ing Arga Pontjol (jèn Pandjenenganipoen goeroe).

Mangga rak kersa ta?!
Poenapa pantjèn ngarah? soekoer!!

Boten njata.

Sadèrèk. Mindaking djiwa Kath. ing Koelon Progo boten sakedik. Ing Plasa Grédjanipoen pendak Minggoe dinten Kemis lan Djoemoeah tamtoe wonten Mis Soetji. Ing Bara Koelon Progo kaadegan Grédja, pastoeran, tjalon grija sakit, Zusteran.

Ing Sendang Sanga dipoendegi pepetan ing Lourdes, margi pamentangan.

Indaking pamoelangan Katholiek ing Koelon Progo boten sakedik. Boten kirang saking 12 pamoelang Standaard lan doesoen.

Poenika sadaja saking mèndel ning actief-ipoen para goeroe lan goeroe agami ing Koelon Progo katoentoen Pangènipoen.

Nata organisatie ing papan kados ngaten boten gampil sedèrèk. Koelon Progo golongan Kidoel ngawoela dateng bendara Ngajodja, lèr dateng Mendoet. Lèr sampoen sami nggebjoer dateng P. P. K. D. Mendoet.

Sadèrèk!! Koelon Progo mèndel ning mendèl, meneng ning ngregijeng. Ingkang dados njatanipoen. Sing soegih K. W. lan P. P. K. D. ning K. W. pista P. P. K. D. tembangan ja tanpa goena. Bengak-bengok ngritiek, ning ora ana apa-apané, ja nul. Djangan banjak bitjara, jang perloe bekerdja, boeng!!

Mangga satrija ing Arga Pontjol koela atoeri toerné dateng Koelon Progo!! Njatakaken pijambak!!

gewezen Koelon Progoër
C. C. Sl.

V A R I A.

MOEGI KAGALIHA.

Saja dangoe sadèrèk Kath. Djawi saja katah; pantji inggih makaten ingkang dipoensesoewoen, sageda soemarambah dateng poendi-poendi. Sasampoenipoen poenika, koela ladjeng manah sadèrèk ingkang kapeksa Decemberan oetawi Paskahan dateng sanès panggénan ingkang tebih, kabekta ing panggènanipoen boten wonten Grédjanipoen. Mitoeroet pétangan, sadèrèk ingkang makaten poenika inggih saja katah. Ingkang poenika poenapa boten prajogi manawi pakempalan kita K.W. menggalih bab poenika. Oepami K. W. ing Ambarawa, Semarang, Solo, oetawi sanèsipoen ingkang sakinten badé kanggé djoedjoegan, angichtijaraken grija pamondokan. Kanggénipoen ingkang sampoen kagoengan tepangan boten koela manah; balik ingkang boten kados-poendi. Badé dateng hotel, rekaos. Poenapa ladjeng boten Decemberan?

Prijantoen ingkang taksih lamban, boten sepintena. Tékad-tékadan pados panjipengan saenggèn-enggèn taksih loewesan. Nanging kanggénipoen ingkang sampoen gadah rajat; poenapa inggih nékad? Iba anggènipoen pating grendèl, mojang-mojong ngalèr ngidoel.

Sadjatosipoen koela kepéngin sanget; manawi ngadjengaken Decemberan (Paskahan), ing Sw. T. wonten wara-wara:

Sadèrèk Kath. ingkang ngersakaken Decemberan (Paskahan) ing . . . . lan betah pondokan; koela atoeri soeka soemerep dateng . . . . ; sadèrèngipoen tanggal . . . . .

Atas namaning Comité pamondokan.

Tjobi dipoen-galih.

P. T. T.

O P V O E D I N G.

PANGLIMBANG.

Sambetipoen Sw. T. No. 9.

Ing wiwitan goeroe ingkang poenapa-poenapa apil, poenika oegi damel rantjangan. Amargi anggènipoen ngrantjang saèstoe, ngantos poenapa-poenapa saged apil. Ing wasananipoen boten damel rantjangan, sampoen saged ngetjakaken moelang kanti maremaken manah. Wondéné ingkang saweg kémawon nindakaken pakarjaning goeroe, ing mangka ladjeng badé tiroe-tiroe makaten, tamtoe woelanganipoen boten saged katah wohipoen, sekedik toemandjanipoen, kirang-kirang begdjanipoen boten dipoenpaèloe ing moerid, wasana andadosaken kapitoenanipoen pijambak.

Moerih indaking seserepan, saja baoet amboemboni prakawis-prakawis ingkang kedah dipoenwedaraken ing ngadjengipoen moerid-moerid, preloe sanget teroes sinaoe. Mireng pamanggihipoen tijang sanès poenika kerep saged mandjangaken pamanahan, lan andjembaraken wawasan. Jèn namoeng ngengkoki pamanggihipoen pijambak tok, boten maèloe dateng pamanggihipoen sanès, poenika kénging dipoenwastani kirang pangatos-atos. Pamanggih poenika kedah kaseksèkaken tijang sanès, sarana dipoentanding-tanding. Manawi boten makaten saged kalampahan dipoenwastani ngenggèni leresipoen pijambak, ingkang wasananipoen boten damel kabingahan, malah-malah saged manggih alangan, awit saking boten mékani prakawis warni-warni. Pramila andjembaraken kawroeh poenika kedah kaoedi, awit poenika tjihnaning pangatos-atos.

Amboedi daja moerih gadah kaprigelan toemraping nindakaken pandamelan, poenika toemraping moelang moeroek laré prakawis preloe. Pamboedi daja ingkang medal saking pangatos-atos, badé anggampilaken lampahing padamelan, ingkang makaten poenika pangoedinipoen boten namoeng tjekap sadinten kalih dinten, ananging teroes boten wonten pedotipoen. Sinten ingkang gadah kaprigelan, inggih ing bab solah tingkah, tandang tandoek, inggih ing bab pamitjara, poenika anggènipoen anggarap padamelanipoen toemindakipoen temtoe kanti seneng. Sinten ingkang boten seneng manawi ing dalem samenit, amargi saking prigelipoen, saged moedjoedaken gambar tijang ingkang saé toer wangoen. Sinten ingkang boten seneng saged medar ginem kanti trampil, widjang poenapa ingkang dipoentjarijosaken' Wosipoen kaprigelan poenika ing bab samoekawis pandamelan sasaged-saged saé kaoedi, soepados wasananipoen saged seneng manahipoen, salebeting nindakaken pakarjanipoen, sarta katingal manawi boten esah ing pangatos-atos.

Kadjawi saking poenika waoe, preloe sanget goeroe poenika waspada, ngatos-atos soepados sadaja poetoesanipoen boten mlèntjèng saking ingkang leres, boten soelaja kalijan boedi wening. Mékani ingkang dèrèng kelampahan, ngatos-atos menggah anggènipoen migoenakaken sarana-sarana, poenika preloe sanget, awit boten sadaja srana poenika sami saénipoen, sarta sami mikantoeki. Wonten kalanipoen srana saé kadadosanipoen awon, awit saking lepat panganggénipoen. Soepados boten kedoewoeng ing tembénipoen kedah nastiti, setiti ngati-ati, soegih weweka ing salebetipoen nindakaken samoekawis padamelan.

Ambek adil.

Tindak ngadil poenika boten namoeng toemrap tijang sanès, nanging inggih kanggénipoen badanipoen pijambak. Boten namoeng manawi matrapi paoekoeman, oegi manawi ngalem oetawi anggegandjar. Oepami padamelanipoen moerid awon, adilipoen kedah naliti roemijin poenapa sampoen samadya menggah ing pamardinipoen, manawi sampoen saweg andawahaken poenapa poetoesanipoen. Saoepami ladjeng nepsoe, ing mangka saèstoenipoen moerid dèrèng dipoenperdi temen-temen, nama ngadilipoen kirang, sarta moeringipoen waoe dèrèng kantenan saged ngindakaken saéning padamelan.

Mitoeroet kaadilan ingkang toemrap badanipoen pijambak, tijang dados panoetan, dados goeroe, dadi panggedé ing sadjroning pamoelangan, boten kénging soepé oetawi nglirwakaken piwoelang ingkang dados kabetahanipoen ingkang dipoentoentoen. Manawi wonten pangoedi soepados moerid-moerid sami nindakaken padamelanipoen kalijan saé, goeroe oegi sampoen samestipoen gadah pangoedi soepados piwoelangipoen wonten tandjanipoen, manawi boten makaten temtoe nama njimpang saking tindak ngadil.

Manawi moerid-moerid dipoentamtokaken kedah sregep, poenapa boten sampoen samestinipoen, manawi goeroenipoen oegi toememen anggènipoen nindakaken koewadjibanipoen. Saoepami kelampahan tijang sanès boten kénging kesèd, ananging badanipoen pijambak toemindak namoeng sasekétjanipoen kémawon, poenika oeger tijang mastani boten adil. Poenapa boten éman manawi moerid-moerid sami ketjelik ing bab katemenaning goeroenipoen?

Ing ngatasipoen goeroe sampoen temtoe terang kajakinanipoen menggahing panggajoehipoen kawroeh, kedah sregep, setiti, talatos sarta adjeg. Dados manawi laré-laré anggènipoen sinaoe boten adjeg, sadinten sinaoe sadinten boten, sampoen tamtoe tjoemantèlipoen piwoelang kirang. Ingkang poenika goeroe anggènipoen nampèkaken piwoelang oegi kedah adjeg. Saoepami nglowongi boten moelang tanpa wonten sababipoen ingkang goematok, oetawi ngetjèh-etjèh wekdal, liripoen salebeting moelang nandangi padamelan sanès ingkang dédé mestinipoen, andjalari boten tandjanipoen piwoelang, andjalari laré anggènipoen njamboet damel namoeng sasekétjanipoen, kénging winastanan: ,,Gelem ora-ora."

Menggah kemèrèn poenika oegi andjalari wontenipoen tindak ingkang boten adil. Sagedipoen adil kémawon kados-poendi, djalaran mèri poenika lahiring boten senengipoen manawi kantjanipoen keleresan lampahipoen, boten remen manawi tijang sanès manggih kabegdjan. Sampoen terang manawi mèri poenika moeroegaken boten djoedjoer, sarta andjalari dipoen-getingi ing sanès. Sasampoenipoen gadah tindak njingkiri kemèrèn, prajoginipoen kedah ngombjongi lampah ingkang leres netepi anggering lampah ngadil. Sadaja tindak ingkang leres sarta lepat poenika sampoen ambekta gandjaran oetawi siksa pijambak-pijambak. Dados manawi ingkang saé dipoenalem lan ingkang awon dipoentjatjad, nganggé ngémoeti waton doegi lan prajogi, poenika boten mlèntjèng saking kaadilan. Pangalem lan panatjad, manawi anggènipoen nindakaken ngarah-arah sarta ngertos tanggoeh, saged damel indaking saénipoen toentoenan. Nanging ing saloegoenipoen goeroe ingkang santosa tékadipoen, ngatos-atos sarta adil, ingkang tamtoe boten kerep ngoekoem, awit laré-laré ratjakipoen sami ambangoen mitoeroet, sami adjrih asih. Éwadéné boten wonten awonipoen andawahaken paoekoeman, manawi sampoen samestinipoen. Sanadyan goeroe poenika ngloenggoehi kaadilan, éwasamanten anggènipoen andawahaken kaleresan boten prajogi nganggé sarana nangani. Ingkang makaten poenika, kadjawi tijang sepoehipoen laré sami boten seneng, oegi gampil klintoe, tegesipoen boboting paoekoeman ladjeng langkoeng saking mestinipoen, andjalari anggigah raosing manah ingkang kirang prajogi. Sakatahipoen ingkang andjagi soepados toemindak boten baoekapiné, kedah émoet manawi adil poenika inggih toemrap badanipoen pijambak, inggih toemrap ing sanès. Goeroe poenika dipoenpitados ing saben tijang ingkang sami njinaokaken anakipoen ing ngrikoe, sanadyan dèrèng mangertos ingkang dados gegémbolanipoen. Pinten-pinten katahipoen ingkang sami mratjajakaken moerba kalijan misésa anakipoen. Oepami ngantos goemloewèh, temtoe boten ngertos aosing badanipoen, boten adil inggih kanggé badanipoen pijambak, inggih toemrapipoen ingkang gadah kapitadosak. Manawi tijang-tijang sami ketjelin, sinten ingkang kapitoenèn? Boten sanès inggih badanipoen pijambak, awit badé kétjalan kapitadosan. Mila njata, boten adil saged damel gendra, saged ngawontenaken riribed warni-warni. Kosok-wangsoelipoen, kaadilan andjalari tentrem. Wondéné katentreman poenika badé lestantoen samangsa sami saged ambédakaken ingkang preloe lan ingkang boten.

Kasantosan.

Santosa ing tékad poenika prakawis ingkang preloe, déné santosaning badan poenika oegi boten kénging dipoen-anggep sepélé. Sinten ingkang boten seneng bagas kasarasan badanipoen? Wontenipoen ing sakolahan-sakolahan dipoenwonteni woelangan gladi, poenika antjasipoen boten sanès inggih ngoedi kasarasan. Samangsa moerid sami sakiten, mokal sagedipoen tampi piwoelang kados samestinipoen. Sampoen wadjibipoen goeroe ingkang dipoenpasrahi woelangan gladi, salebetipoen nindakaken woetjalan, ngawat-awati saèstoe menggah mobah mosiking badan. Ing ngrikoe kedah saèstoe pangoedinipoen goeroe sadaja pakèn (commando) dipoentindakaken kanti saé, awit ing ngriki klintoenipoen tindak badé kirang prajogi toemraping kawiloedjenganing badan.

Sanadyan ngengakaken tjendéla poenika prakawis sepélé, éwasamanten poenika inggih kedah dados gagasanipoen goeroe, awit badan poenika boten namoeng betah tetedan ingkang moepangati ananging inggih betah hawa ingkang resik.

Salah satoenggiling srana sagedipoen mewahi santosaning tékad, poenika kasabaran. Mila wonten paribasan: ,,Wong sabar ikoe bisa ngoendjara sétan." Tijang saged ngampah hawa poenika dipoenwastani sabar. Tijang ingkang boten gampil noeroeti oebaling kanepson, poenika inggih nama sabar. Moelang moeroek laré poenika mila katah roebédanipoen. Manawi salebetipoen wonten roebéda boten ngesah boten ngeses, boten kekatahen sambat seboetipoen, poenika inggih sabar. Inggih leres kasabaran poenika boten saged ngitjalaken raos ingkang boten sakétja, ananging saged ngindakaken santosaning tékad, sarta saged ngitjalaken kasoesahan. Kasabaran mila saged ngindakaken kasantosaning tékad, mewahi kentjenging pikadjengan, lan tawekal ing damel. Tijang sabar saèstoe manawi moering-moering, boten gampil kesoepèn, tesesipoen salebetipoen nepsoe tansah mangertos poenapa ingkang dipoentindakaken, émoet kadadosanipoen, dados boten oeger nepsoe kémawon. Tijang ingkang sabar, manahipoen saged momot, boten djelèhan, bosen ing prakawis ingkang dipoentindakakan. Manawi tebih saking watak djelèhan, malah-malah tawekal ing damel tamtoe gampil sagedipoen kadoemoegèn sedyanipoen. Talatos dasar sabar poenika kanggénipoen moelang moeroek laré ageng sanget ginanipoen. Manawi tijang namoeng noeroeti raos, tegesipoen, manawi badanipoen seneng ladjeng sregep, manawi kraos sempelah manahipoen namoeng sapoeroenipoen kémawon, tamtoe toemindak lan kadadosanipoen poenapa ingkang katindakaken. Sinten ingkang santosa tékadipoen, kentjeng pikadjenganipoen, tamtoe toememen ing damel, tindak-tandoek barès, boten dipoendamel-damel. Polatan djatmika, boten pandirangan ingkang nélakaken sembrananipoen. Manawi goemoedjeng pasadja, limrah boten goemoedjeng damelan. Gineman barès, sarta boten soerawéjan, njingkiri tenaga ingkang kirang patoet. Oelat soemèh, rembagipoen kénging dipoenraosaken, boten kekatahen énggok. Ing pamitjara boten pegat pangatos-atos, boten njerikaken manah, nglenggahi tatakrama, sanadyan kalijan sinten kémawon.

Kajakinanipoen goeroe ingkang sentosa tékadipoen, tindak toememen, hoermat, patrap, ngatos-atos, poenika tamtoe nenarik manah, moeroegaken laré sami asih-tresna kaworan adjrih.

Badé kasambet.

„BOTEN LERES."

Boten soesah koela kodjahaken, para maos sampoen sami genah tandanging para wanita Indonesijah, anggèning sami ngojak wewenang nginggahaken dradjadipoen, ngindakaken karaatipoen.

Mas „P a t j a r" boten kirang kerep njlomprèti para boten ngaosi dat dradjating wanita, kaanggep kados déné barang radjadarbé, makaten oegi P.P.I. wiwit tjenta-tjenté moerih itjaling tindak makaten.

Djedoel . . . . ! nembé mangké: Santri Djamsarèn wonten ing S.R.I. 5-2-'30 ngetoeproes, mrada, nrètès, ngronjok inten p o l y g a m i e. Boten perloe pandjang-pandjang, dipoentingali, wontening: lelampahan ing donja — ing maskapé gesang sesarengan, kempal tepanging maroe — anakipoen, sadèrèkipoen barang poenika, sampoen tjeta wéla-wéla bilih andadaki kisroehing gesang sesarengan.

Mottonipoen: Apabila polygamie itoe ditinggal dan monogamie itoe didjalankan dengan sekeras-kerasnja — moraal manoesia akan roesak. Dan apa bila polygamie itoe didjalankan dengan sekeras-kerasnja menoeroet tjara Bahagia oleh marika itoe adanja. (Marsy).

Poenika lo ingkang dipoenantepi . . . . . , nanging amit mas, bok mirsani tijang wajoeh-wajoeh nika . . . . . ! ! ! dos-poendi!

Poen santri, jakin ngantepi, bilih: tijang émah-émah poenika perloenipoen boten wonten sanès kedjawi: ngladjengaken wontening golongan kalih poenika: prija lan wanita.

„Djadi perhoeboengannja antara lelaki dan perempoean itoe ta' lain akan mengekalkan kedoea fehak."

Dados namoeng kaperloean donja, kaperloean dateng Pangéran kadawahaken no. 2 oetawi poenapa boten wonten . . . ? djer boten magepokan . . . ?

Barang ingkang ngojak kaperloean donja poenika inggih barang donja, kadonjan — sanès: rohani — boten soetji — dados sesémahan ingkang namoeng perloe makaten, ngantos dipoenréntjangi wajoeh 3 4 lsp. inggih nama lampah donja — kadonjan — dédé rohani — boten soetji — l e p a t ! ! Mas santri mendet oengel-oengelan: Dan apabila sekiranja kamoe takoet tida' adilnja didalam orang-orang Jatim, nikahlah siapatah jang kamoe maoei dari orang-orang perempoean itoe 2 2 atau 3 3 atau 4 4 maka kamoe takoet kalau-kalau tidak adil, satoe sadjalah! Poenapa oengel-oengelan poenika dawoehing Allah? Iiiiiiiiiii jaaaaaaaaaaak!! Goesti Allah dawoeh kok djanggelan, njekarep marang manoengsa. Manoengsa poenika rak moeloeng dateng piawon, lo kok disekarep, apa Goesti Allah dipadakaké wong bodo? Ngadat tijang poenika jèn dipoensekadjeng, milih ingkang sekétja. Pantjèn si boedi ngandani: ikoe ora adil, hawa-nepsoené mangsoeli: ah, adil waé! Makatena, jèn tijang miskin sagedipoen namoeng asémah satoenggal, djer sanadjan ageng hawa-nepsoenipoen, tijang boten gadah jatra. Toemrap tijang soegih, sanadjan osiking batos moengel: „adja wajoeh moendak ora adil" inggih meksa dipoentékadi, kabekta saking hawa-nepsoe, mangka saged mbajar.

Wajoeh poenika sanadjana Goesti Allah boten ngawisi, inggih mokal sagedipoen adil. Sémah sekawan temtoe béda-béda, wonten ingkang nèm, wonten ingkang noeroetan lsp. Poenapa katresnaning djaler saged sami (adil)? Mokal!

Oepami Goesti Allah nglilani wajoeh, poenapaa Bapa Adam roemijin boten kadawoehan wajoeh? Mangka jèn manoet pamanggihing tijang „prajogi wajoeh" sebab kapangandikanan „Bebranaha". Bapa Adam boten dipoenparingi sémah katah, dados tetéla jèn wajoeh poenika dédé karsaning Allah. Ingkang ngwontenaken pranatan wajoeh poenika manoengsa pijambak.

Mas Santri santoen salaga, njebabaken manoet kawontenan, i. p. tijang èstri tjatjahipoen nglangkoengi tijang djaler — tenaan . . . ? poendi pratélanipoen . . . . ?

Oepami ing satoenggiling panggénan tijangipoen djaler 600, tijangipoen èstri 700. Poenapa ladjeng kedal moengel: „Jèn ngono koedoe ana sing wajoeh." Poenika klintoe, djer tijang samanten waoe boten sadaja diwasa, wonten ingkang taksih baji, wonten ingkang pikoen, éwah lsp. Kedjawi poenika wonten ingkang pedjah taksih nèm poenapa, ngantos wekasanipoen jèn tijang nindakaken monogamie saged kelampahan. Goesti Allah ingkang ngersakaken monogamie, boten kirang sarana anggènipoen njami tjatjahing djaler lan èstri.

Malih: tijang tanpa wengkoe — ladjeng dipoenwengkoe, sarana dipoenwajoeh, temtoe seneng margi gadah sémah, gèk mangké soegih . . . . poenapa boten damel saé . . . . ? lah . . . . dalah . . . . rak makaten malih?, rak barang donja malih . . . . . ? kasenengan kadonjan malih . . . . ? dados kasenengan poenika, poenika ta . . . . ! andak temtoe seneng? tanggel . . . . ? toer, andak kasenengan rochani? saged njelakakaken lan Pangéran . . . . ? Malih, mas Djamsarèn andoemoek awoning moraal Europa déning toemindakipoen monogamie. Jèn kados ingkang koela terangaken ing nginggil, monogamie poenika saking karsanipoen Goesti Allah (N. B. èngeta dateng Bapa Adam lan Iboe Kawa, djaler satoenggal, èstri satoenggal), dados tetéla jèn awoning Europa poenika boten saking monogamie. Tijang ingkang wajoeh mastani Europa awon poenika margi boten ngroemaosi badanipoen pijambak. Jèn Goesti Allah ngarsakaken monogamie, dados polygamie (wajoeh) poenika toemrap ipoen Goesti Allah inggih awon, namoeng toemrap ingkang wajoeh roemaosipoen saé, inggih kabekta saking hawa-nepsoe.

Mas santri ngekahi polygamie poenika manoet wewatoning boedi poenapa kabekta saking hawa-nepsoe? Mangga prakawis poenika kamanaha.

TJANTRIK-kebonsarèn.

OERAP-SARI

KABAR KATHOLIEK.

Sowan I. S. K. S. Rama.

Kala woelan Januari Vaticaan katamoewan tamoe agoeng i. p. praméswari (groothertogin) Charlotte ing Luxemburg sakalijan garwa pangéran Felix ing Bourbon Parma.

Ngarsa dalem maringi tanda pangènget-ènget awoedjoed medali emas. Déné sang poetri sakalijan garwa ngoendjoekaken boekoe 65 djilid isi babadipoen Luxemburg.

Bakda sowan Ingkang Sinoehoen, tamoe agoeng waoe dipoentampèni Kg. Kardinaal-Staatssecretaris, ladjeng sami sowan dateng Grédja Agoeng St. Pieter.

Sontenipoen ngarsa dalem nampi pisowanipoen wawakil Parangakik maarschalk Pétain angèstrèni pikramènipoen pangéran Umberto.

Tjatjahipoen tijang Katholiek ing sadjagad.

Katholieke Missiën: njarijosaken tjatjahipoen tijang Katholiek kados ing ngandap poenika:
ing Afrika 5.387.678 (3,8%)
Amerika 125 569.905 (53,1%)
Azië 17.038.874 (1,7%)
Eropa 201.855.900 (42,9%)
Oceanië 1.987.308 (22%)
Gg. sadaja 351.839.665 (19%)

Tjatjahipoen tijang Protestan ing sadjagad: 164.683.026 (8,9%);
Orthodoxen: 131.460.822 (7,1%);
Jahoedi: 15.731.475 (0,9%);
Islam 238.997.594 (13%).
Boeda: 199.461.632 (10,8%)
Hindoe: 224.008.819 (12,1%).
Confucianisten: 304.027.114 (16;4%).
Shintoïsten: 16.644.437 (5,9%)
Wanan (heidenen): 122 239.817 (6,6%)
Tanpa Agami: 76.598.195. (4,1%).

Retrètan ing Moentilan.

Retrèt Djawi ingkang kapengker poenika, ingkang toemoet wonten 124. Retrèt kapengker poenika retrèt ingkang kantoen pijambak manggèn ing Moentilan. Saladjengipoen manawi retrèt tjalon kapapanaken wonten Oengaran.

Kardinal séda.

Rome 26 Febr. Aneta Reuter.

Kg. Kardinal Merry del Val sasampoenipoen ka-operatie, séda.

(R. I. P.)

Ngleresaken.

Wonten ing kabar Katholiek Sw. Tm. no. 9, pawartos tilas Hoofd redacteur Sw. T. wonten ingkang moengel:....... „mawi dipoenpedjahi satengah barang" poenika leresipoen: mawi dipoenpedjahi satengah edjam barang." Andadosna kawoeningan (corrector).

KABAR OEMOEM

INDONESIA.

Liboeran ing pamoelangan angka II.

P. njerat: margi wontenipoen éwah-éwahan taoening sakolah tg. 1 Juli doemoegi 24 Juni taoen tjandakipoen, ladjeng ngawontenaken éwahing liboeran, kadosta:

1. Ing woelan Juni liboer 1 minggoe, dawah minggoe wekasan.
2. Ing woelan October 14 dinten.
3. Liboeran sijam 5 minggoe taksih tetep kados ingkang sampoen-sampoen. Nanging liboer Moeloed kasowak. (boten kawontenaken). Sokoer: woelan Juni wonten liboeran dados bibar inggah-inggahan moerid-moerid boten tjemplang.

SAKING NGAJOGJAKARTA.

Sasakit noelar.

Tanggal 16—22 Februari ing goepermèn Ngajogjakarta wonten tijang 62 kataman sakit dysenteri; ingkang kénging pest namoeng satoenggal i.p. ing onderdistrik Toeri.

Sadjawining kita pantjèn katah, ingkang kénging sakit dysenteri (beboetjal rah) waoe, langkoeng-langkoeng ing bawah Temon lan Adikarta (wonten 42 ingkang kalih keladjeng pedjah). Ing Wates wonten tiga ingkang tiwas inggih margi sasakit waoe.

Saradadoe ngamoek.

Salebetipoen minggoe kapengker ing Bantoel wonten saradadoe ngamoek. Saradadoe ing sabataljoen ingkang ngleresi sipeng wonten kita waoe, wonten kalih (saradadoe Walandi) mlebet ing tokonipoen babah Kwik Hwie Kioe badé toembas bir. Wonten satoenggal ingkang boten srantos ladjeng mendet gendoel bir kabanting wonten ngadjeng toko andadosaken kagètipoen toewan toko. Margi makaten waoe ladjeng sami paben. Tionghoa katah ingkang medal. Saradadoe waoe nginten badé kakrojok. Poen saradadoe teroes ngegaraken pèmèsipoen kanggé ngamoek. Wonten Tionghoa tiga ingkang tatoe kaprenah ing wingking, weteng lan lambé. Ingkang tatoe ing wingking waoe sanget. Sadaja sami kabekta dateng hospitaal Pétronéla Ngajogja. Saradadoenipoen dipoentjepeng. *(Bintang Mataram).* (Manawi mirid *Mataram* anggènipoen ladjeng paben waoe margi saradadoenipoen boten poeroen ambajar).

* *
*

Irrigatie ing Indonesijah.

Ing taoen poenika Nagari badé damel Irrigatie kanggé djadjahan Pemali (Tegal). Gandèng kalijan prakawis poenika ing Pendjalin badé dipoenwonteni petandon toja poenapadéné tanggoel inggilipoen 20 meter. Wadoek ing ngrikoe saged nando toja boten kirang saking 9 joeta mlijoen kibik. Sabin ingkang saged kailénan saking wadoek waoe kirang langkoeng 40.000 baoe. Waragadipoen kataksir 1 joeta roepijah. Waragad poenika ingkang sapérangan ageng dipoensanggi pabrik gendis sekawan ing kiwa-tengenipoen ngrikoe. Pabrik sekawan pisan waoe angelar siti tanemanipoen goeng-goeng kempal 1150 baoe.

Ing Gembong (Pati) inggih badé dipoenwonteni wadoek waragadipoen karantjang sajoeta roepijah. Bokmanawi kémawon wadoek ing Gembong poenika waoe tjalon tjekap kanggé ngilèni sabin 15000 baoe, lan sampoen wiwit kagarap ing taoen poenika.

Semanten oegi wonten Peperbaai, Banten Kilèn, oegi badé nandangi soepados tetijang ngrikoe loewar saking babaja bandjir. Sabin-sabin ingkang tjalon saged kapitoeloengan wonten 26.000 baoe.

Tanggoel Patjal ing Bodjanegara sapoenika panggarapipoen sampoen rampoeng sapalih. Tanggoel waoe inggilipoen 30 meter.

Irrigatie inggih badé toemandang-damel, wonten saoeroetipoen Soengai Beram Celebes Kidoel. Oesoelipoen sampoen kaladosaken dateng Nagari, waragadipoen karantjang 6 joeta, dangoenipoen 10 taoen. Sabin-sabin tadahan ing ngrikoe sapoenika wonten 35.000 baoe. (Aneta).

Kabar ing Gabroe Wlingi.

M. S. Bratasoedirdja njerat:

Saking kamirahanipoen Padoeka Toewan Administrateur, ing Gabroe kala 2 Maart 1930 oetawi ngleresi bakda riadi, kawontenaken karaméjan kanggé njeneng-njenengaken tijang-tijang, laré-laré lan moerid-moerid ing sakiwa-tengenipoen. Karaméjan waoe woedjoed djaranan (djatilan), ringgit poerwa lan sanèsipoen. Dinten waoe ketingal regeng sanget, tjatjahing tijang ningali sasat boten kénging dipoenétang; begdjanipoen taxi toewin motor séwan. Bakda riadi kirang kalih dinten kantja goeroe lan koeli sawatawis riboet resik-resik pamoelangan madjang-madjang lan moebeng-moebeng moeroegi moerid lan tijang sepoehipoen soeka soemerep manawi 2-3-1930 badé ramé-ramé. Kantja èstri riboet oegi tata-tata ingkang badé kanggé teda lan ombèn-ombèning laré sarta tijang sepoeh. Kori-gapoera pamoelangan lan grija goeroe, pinasangan djanoer malengkoeng, tjagaking djanoer binlebet ing ron-ronan mantja warni, adamel samoeaning papan. Dinten riadi para goeroe, moerid-moerid toewin tijang sepoehipoen moerid sami nglempak aseneng-seneng, déné karamèk-ramèkaken. Djam 6 éndjing sampoen wiwit, djam $\frac{1}{2}$-8 neda étja sesarengan, djam 8 keplok soerak mawoerahan, djam $\frac{1}{2}$-9 kaarak djatilan oeroet margi ageng ngantos doemoegi djam 11 sijang, djam $11\frac{1}{4}$ laré neda roti lan ngombé setroep. Poenika waoe sadaja adamel gambira lan mongkoging laré-laré dalah tijang sepoehipoen. Djam 12 langkoeng sakedik laré-laré kalilan medal saking pamoelangan, neningali sakadjengipoen pijambak, mantoek inggih sampoen klilan.

Wasana ingkang dados panoetoeping atoer koela, kantja goeroe Gabroe sakalangkoeng matoer noewoen doemateng Padoeka Toewan Administrateur Gabroe, déné sampoen maringi ragading karaméjan saoeba-rampénipoen.

Kabesmèn.

Kala tanggal 27 woelan kapengker ing Klentèng Pekapoeran (Betawi) wonten grija kabesmi tjatjah woewoeng 59, dipoenenggèni bangsa Tionghoa lan Indonesia goeng-goeng kempal 230 djiwa.

Kapitoenènipoen wonten 40-60 èwoe roepijah.

Gemeente njoekani pitoeloengan arta f 500.

Ing ngrikoe wonten komité tiga saking golongan Indonésijah, Tionghoa, lan Éropah, sami ngoepadosaken darma.

Kadjawi poenika, Semèroe-fonds, Kong Boe Siang Chow inggih sami toemandang ngideraken lijst.

Djawah ing Tengger.

Soer. Handbld. njarijosaken ing distrik Grati Pasoeroewan salebetipoen minggoe kapengker wonten bandjir ageng. Margi Pasoeroewan-Prabalingga kasasaban toja. Poenika sababipoen margi deresing djawah ing paredèn Tengger.

Siti-siti partikelir Djawi Kilèn ingkang kapoendoet wangsoel Nagari.

Ing sadèrèngipoen taoen 1917 sampoen wonten siti partikelir sakedik ingkang kapoendoet wangsoel kanggé palaboehan Iss. goenggoeng 3548 baoe kalajan regi $1\frac{1}{2}$ mlijoen roepijah.

Wiwitipoen moendoeti wangsoel ingkang saèstoe poenika wiwit taoen '17. Wiwit taoen '17 doemoegi '22 wonten siti boten kirang saking 543000 baoe ingkang kapoendoet wangsoel kanti regi 47 mlijoen roepijah. Kala semanten ngantjik djaman pangiridan. Mila wiwit taoen '22 doemoegi 1926 namoeng wonten siti partikelir 4000 baoe (3/4 mlijoen roepijah) ingkang kapoendoet wangsoel.

Wiwit taoen 1927 ladjeng dipoensengkoet malih. Doemoegi taoen 1929 ingkang kapoendoet wangsoel wonten 126500 baoe kanti regi f 14 mlijoen.

Dados wiwit taoen 1912 doemoegi sapriki tanah partikelir ing Djawi kilèn ingkang kapoendoet wangsoel Goepermèn boten kirang 674.000 baoe kalajan regi f 63 mlijoen langkoeng.

Lan sakedap malih tanah Tjampéa 57000 baoe inggih kapoendoet wangsoel kalajan regi 9 joeta roepijah. Salebetipoen taoen poenika, lan awaling taoen 1931 tanah-Baud lan tanah alit-alit sanèsipoen inggih kapoendoet wangsoel. Margi makaten waoe, ing tengah-tengahaning taoen 1931 tanah-tanah partikelir Betawi lan Bogor sisih Kilèn, saged wangsoel sadaja dados kagoenganipoen Nagari.

Manawi sampoen, ladjeng gentos Betawi Wétan, Krawang. Bab panaliti toemrap tanah Tegalwaroe ing Krawang sapoenika kénging kawastanan sampoen rampoeng: arta teboesan kataksir wonten 7 joeta roepijah...... Makaten pratélanipoen Aneta.

Margi énggal.

Parwartos saking Médan njarijosaken bilih katetepaken wontening margi énggal saking Langsa dateng Kwalalangsa. Doemoegi sapriki palaboehan Kwalalangsa namoeng saged pinoeroegan sarana trèm Atjih. Kanggé preloening margi waoe sampoen dipoensoedijani arta f 300.000 wonten ing begrooting 1931.

Kepandoengan ageng.

Serat-serat kabar ing Betawi njarijosaken ing grijanipoen sadèrèk Thamrin mentas kapandoengan ageng-agengan. Prijantoen waoe katamoewan Siti Hamisah saking Kebon Sirih. Nalika badé tilem panganggénipoen sami dipoentjopoti, aroepi pending regi f 900, kaloeng samainanipoen regi f 450, sesoepé kalih regi f 150, sadaja regi f 1500.

Ingkang sapoenika kénging ndakwa baboenipoen anama Ijot.

Poetrinipoen Boepati Bandoeng.

Kawartosaken bilih tanggal 9 Maart poenika, poetranipoen poetri Boepati Bandoeng ingkang nomer kalih, badé kadaoepaken pikantoek R. Joesoef commissaris van politie ing Soerabaja.

Pabrik roti dipoentoetoep.

Ing Soekaboemi mentas wonten pabrik roti gangsal enggèn dipoentoetoep. Anggènipoen katoetoep waoe margi kesangeten anggènipoen boten ngenggèni kasarasan.

Pabrik waoe ingkang tiga tetéla ambabajani sanget toemrap kasarasan. Ingkang satoenggal wonten tijangipoen sakit dephteritis kapapanaken tjaket kalijan papan pambakaripoen roti. *(Java Bode).*

Commissaris Padvinderij Inggris.

Kala tengah-tengahanipoen woelan kapengker, ing Hoofdkwartier Padvindersbond Bandoeng kadatengan toewan Majer Alec Waley district-commissaris Padvinderij ing nagari Inggris. Toewan waoe kalijan njonjahipoen poenapadéné anakipoen èstri, badé andjadjah tanah Djawi, Bali lan Soematra. Wangsoelipoen tjalon noempak baita *Johan de Witt.*

Burgemeester bangsa Indonésijah.

Manoet pamirengipoen *Java Bode* saking péhak ingkang kénging pinitados, sakedap malih badé wonten rembag angéwahi tatanan pangrèh Gemeente ingkang sapoenika.

ONTJÈN SEKAR GAMBIR MELATI.

H. B. S. LAN INTERNAAT KANGGÉ SADAJA BANGSA ING NGAJOGJAKARTA.

— O —

1. H.B.S.

Malang wis ana H. B. S.! Jagéné Ngajogjakarta kok doeroeng ana!

Makaten grenengipoen para Walandi ing kita Ngajogjakarta.

Golongan Walandi sadjakipoen temenanan anggènipoen badé nandangi wontening H. B. S. ing Ngajogjakarta waoe. Ir. A.W.A. Jacometti oegi angrembag prakawis poenika wonten orgaanipoen Vaderlandschè Club. Toewan poenika mrajogèkaken soepados tetijang ladjeng ngadani wontening komité tinanggenah matitisaken prakawis poenika keklempak tjatjah^2 lss....... ladjeng rekès dateng Nagari... Malah manawi koela boten kalèntoe, rembag poenika inggih sampoen dipoentjoengoelaken wonten parepatan Volksraad kapengker poenika.....

Para maos! Ing ngandap poenika koela ngatoeraken pratélan bajaranipoen laré-laré sakolah H.B.S. (petikan saking Volksalmanak).

pamedal ing dalem sawoelan.	bajaranipoen laré nomer: I.	II.	III.	IV.
f 1500 sapanginggil	f 32	f 20	f 17,50	f 15
f 1200 — f 1500	f 28	f 17,50	f 15	f 13
f 1000 — f 1200	f 24	f 15	f 13	f 10,50
f 900 — f 1000	f 24	f 15	f 13	f 10,50
f 800 — f 900	f 21	f 13,50	f 11	f 9
f 600 — f 800	f 21	f 13,50	f 11	f 9
f 500 — f 600	f 18	f 12	f 9,50	f 7
f 400 — f 500	f 18	f 12	f 9,50	f 7
f 250 — f 400	f 15	f 9,50	f 8	f 6,50
f 175 — f 250	f 15	f 9,50	f 8	f 6,50
f 150 — f 175	f 15	f 9,50	f 8	f 6,50
f 125 — f 150	f 15	f 9,50	f 8	f 6,50
f 75 — f 125	f 15	f 9,50	f 8	f 6,50
f 75 sapangandap	f 15	f 9,50	f 8	f 6,50

Ingkang kaseboet nginggil poenika namoeng bajaran sakolah! Waragad patoembasing boekoe-boekoe dèrèng kapétang.

Dados, nitik saking kawontenan poenika, toemrap kita tata lahiripoen ngrekaos sanget nglebetaken anak kita sakolah dateng H.B.S. Ingkang saged klebet wonten sakolahan ngrikoe poenika anak-anakipoen Walandi, prijantoen ageng, oetawi kaoem hartawan. Mila inggih boten maiben déné toewoehing idam-idaman sakolahan H. B. S. ing Ngajogjakarta poenika saking bangsa Walandi. Djer inggih anak-anakipoen bangsa poenika, ingkang tjalonipoen katah ingkang nglebeti pamoelangan waoe.

Éwadéné kawontenan makaten poenika, boten kénging kanggé sebab kita *boten* najogjani wontening H.B.S. ing kita Ngajogja.

Mila sanadyan istingarah kita ngrekaos sanget anglebetaken anak kita dateng sakolahan waoe, kita boten kénging ladjeng moengal: „Emoh! Ora soesah diwènèhi ha bé as, ha bé ès, barang!" Djer basa ngrekasa makaten boten ateges sami kalijan: ora bisa! Awratipoen binékanan ing anak,... agenging katresnan dateng poetra,.... koela kinten andjalari katah tijang sepoeh ingkang moengal: „É, ja ora kétang takréwangi ndjiret goeloe ngoerangi sakabèhé, ja tak temah,... anggeré karepé anakkoe mleboe H.B.S. bisa kelakon!"

Mila toemrapipoen Patjar Mérah boten anggadahi pakèwed poenapa-poenapa toemrap adegipoen H.B.S. ing Ngajogjakarta. Éwadéné ing batos inggih amoemoedji moegi ing béndjing wonten kamajaran toemrap anak-anakipoen prijantoen ingkang blandjanipoen boten katah!

2. Internaat kanggé sadaja bangsa.

Kados ingkang kawrat ing Sw. T. kapengker poenika, Ngajogjakarta wonten panitya soemedya ngedegaken internaat kanggé sadaja bangsa. Warganipoen panitya waoe: J. Postma, Ir. Prentice, K. G. Pakoe Alam, R. M. Soerja Atmadja, Pangéran Djajakoesoema lss. Kanggé wiwitan, badé ngawontenaken roemijin papan kanggé sinaoe sasarengan (gemeenschappelijk studielokaal). Béndjingipoen, ingkang kadjangka ngadegaken internaat kaseboet. Ingkang katampi wonten internaat waoe moerid-moerid: Mulo, Technische School, A. M. S. boten pradoeli bangsa poenapa kémawon.

Anggènipoen para prijantoen waoe sami badé ngawontenaken internaat, poenika margi mesakaken kalijan laré-laré pamoelangan kaseboet ingkang pantjèn dédé laré Ngajogjakarta. Laré-laré waoe mondok kanti ambajar f 20, tilemipoen tanpa klamboe, sinaoenipoen kètèr margi boten wonten ingkang ngoelat-oelati........

Para maos! Prakawis teda lan patileman, poenika boten patos koela manah. Ingkang koela raosaken poenika kètèring pasinaonipoen... Koela gadah tepangan laré T.S. Laré waoe mondok wonten grijaning bakjoenipoen. Grija waoe inggih tjaket grijaning prenah pamanipoen. Kados-poendi kawontenanipoen tepangan koela waoe?... Mèh saben dinten kadatengan kantja-kantjanipoen 5 — 10. Sami poenapa? Namoeng sami ngénggar-énggar manah, gitaran, tjlempoengan, menjanji lss.... ngantos djam kalih welasan! Tepangan koela poenika waoe kerep dipoenèngetaken bakjoe toewin pamanipoen. Nanging, boten dipoengega! Mangka dasaripoen pantjèn laré boten montjèr. Mila, sakolahipoen inggih saja kètèr. Soemerep kawontenan makaten poenika manah koela mesakaken tijang sepoehipoen! Dipoenragadi katah, kasakolahaken inggil, djeboelipoen laré makaten kawontenanipoen! Ingkang katenggan sadèrèk kémawon makaten! Lah gèk ingkang manggèn wonten grijanipoen tijang sanès kados-poendi?... Kadjawi poenika, kaping pinten kémawon koela soemerep siswa Mulo sasaminipoen, groedag-groedoeg ngalèr ngidoel, dlédar-dlèdèr oeroet margi ageng, ngantos wantji tengah daloe?

Koela inggih boten maiben, bilih siswa Mulo, T.S., A.M.S., poenika dédé laré alit. Nanging wontening kawontenan kados ing nginggil saèstoe boten njenengaken! Mesakaken ingkang ngragadi, sadèrèk!

Mila koela inggih bingah sanget déné prakawis poenika sampoen ginalih para prijantoen warganing panitya kaseboet nginggil.

Sedyanipoen panitya angedegaken internaat, poenika tétéla toewoeh saking manah oetami. Sapamireng koela ing Ngajogja badé wonten internaat kanggé bangsa Europa. Kadjawi poenika, pakempalan B.O. inggih badé ngadegaken internaat énggal wonten Gowongan tjekap kanggé laré 50 — 100. Manawi pamireng koela poenika kepara njata, roemaos koela boten perloe dipoenwonteni grija pondokan malih. Mangka gesanging pondokan makaten poenika, sapérangan ageng saking soebsidinipoen Paréntah. Poenapa inggih pondokan tiga-tiganipoen pisan badé angsal soebsidi njekapi? Aloewoeng grija pondokan ingkang sapoenika sampoen wonten (gadahanipoen B.O.) poenika dipoenréntjangi ngoedi amrih saénipoen saèstoe. Tegesipoen ngréntjangi angoedi sageda laré-laré ing pondokan ngrikoe boten kètèr pasinaonipoen.

Toewan Postma nalika ngandaraken sedyaning komité mawi tjarijos: „Ija bener ing Ngajogjakarta akèh pondokan-pondokan, nanging ikoe kabèh doeroeng njampeti boetoehing internaat." Kirang saéning pondokan ing wekdal sapoenika, taksih kénging dipoendandosi; dipoendsaèkaken! Dados boten kok doepèh boten sampoerna, ladjeng: „Wis akoe dakgawé pondokan kanggo sadéngah bangsa!"..... Kedjawi ta manawi adeging pondokan nomer tiga waoe boten awawaton kirang saéning pondokan ingkang wonten ing sapoenika! Tegesipoen: oepami pakempalan Moehamad Dijah ngedegaken pondokan kanggé laré-laré Islam, soepados saged angsal panggoela-wentah tjara Islam,... poenika sakoela boten gadah kawratan poenapa-poenapa!

Wontening internaat kakalih (tanpa dadasar Agami) kanggé moerid-moerid Mulo lss. ingkang pikantoek bijantoe saking Nagari, pamanah koela sampoen njekapi! Toemrap siswa bangsa Tionghoa, rèhné bangsa poenika sampoen kasamèkaken Walandi, prajoginipoen inggih mlebet wonten Europeesche internaat. Dados boten perloe dipoenwonteni internaat kanggé sadaja bangsa barang!

Makaten pamanggih koela!..... Doemoegi semanten koela katoewoehan pitakèn: „Jagéné Nagara anggoné jasa sakolahan Mulo barang koewi kok ora ditjara internaat baé kaja déné H. K. S., K. S., N. S. lll.?"

Kumuningsaselé 1-3-'30.

Taklim: PATJAR MÉRAH.

CORRESPONDENTIE.

B. te Poerw. prajogi: ingkang kantoen minggoe ngadjeng.

R. I. P.

✝

Dengan berdoeka tjita kami atoer bertahoe pada sekalijan saudara dan toean-toean handai taulan kami, bahwa kami poenja anak kekasih jang no. I bernama R. SOETOPO ketika hari Selasa 25 Februari 1930, djam 3 siang telah meninggal doenia.

Dengan perantaraän ini kami mengoetjap dan mengatoerkan beriboe-riboe banjak terima kasih kepada semoea beliau jang terseboet dibawah ini:

1. P. T. Pastoor L. Rijckevorsel Rector Ambarawa dan P. T. de Kuyper Semarang, jang telah memperloeken dateng diroemah kami waktoe meninggalnja itoe anak, dan pada P.T. Pastoor de Kuyper Moeda di Ambarawa, jang telah menjembahjangken boeat djiwanja itoe anak.

2. P. T. Albert Bos, Administrateur dari Sigarettenfabriek H. D. Mac Gillavry Djatiroenggo, jang telah memberi pertoeloengan dengan tjoekoep boeat mengoeboernja kami poenja anak, dan beliau dengan ridla hati soeka boeang tempo goena menganterken lajonnja kami poenja anak dari Djati roenggo sampai di Kerkhof Ambarawa.

3. Kepada Bestuur dan leden Pangroekti Lojo, jang telah labet baoe soekoe boeat djadinja koeboeran; dan mengatoer goena oepatjaranja mengoeboer sampai habis.

4. Kepada sekalijan prijaji Kakoeng Poeteri di Ambarawa dan dari Djatiroenggo jang dengan ridla hati telah soeka boeang tempo boeat menghormati mengoeboernja kami poenja anak jangterseboet.

Kami orang toeanja berdoeka tjita *P. Soetoro* dengan *Kasijati.*

Toeroet berdoeka tjita:
M. J. Soeprapdi dengan familie. *A. J. Koesnin. J. Koesnoen.*

Sedjanipoen badé ngwontenaken burgemeester bangsa Priboemi. Nanging burgemeester poenika waoe taksih kabawah burgemeester bangsa Éropah.

Kawangsoelaken dateng tanah Djawi.

Sasampoenipoen kapriksa taliti, wonten tijang boetjalan ing Digoel sawatawis ingkang saged kawangsoelaken dateng tanah Djawi. Manoet pamirengipoen *Java Bode* bokmanawi kémawon ing tengah-tengahaning taoen poenika wonten tijang boetjalan Digoel 30, ingkang kawangsoelaken dateng siti kalahiranipoen.

Bandjir ageng.

Margi bendoengan ing Kadawoeng salebetipoen minggoe kapengker bedah, tanah Batoe Djaja ing Krawang Lèr kaleban toja. Taneman pantoen kalih dasa baoe risak.

Wonten grijanipoen tijang boemi tiga risak inggih margi toja.

Gerah sanget.

Mr. J. K. Onnen tilas pokrol-Djéndral gerah sanget. Saking pamrajoginipoen dokter soepados éngal-énggalan kondoer dateng nagari Walandi.

Sasakit tjatjar.

Ing Menado kawartosaken kambah sasakit tjatjar. Salebetipoen minggoe kapengker ingkang kataman sasakit waoe wonten tijang tigang dasa. Tijang samanten poenika ingkang doemoegi tiwas wonten satoenggal. Saladjengipoen sami karékadaja sampoen ngantos sasakit waoe kaladjeng toelar temoelar.

Volkshuisvesting Betawi.

Sakedap malih N. V. Volkshuisvesting ing Betawi wiwit anggarap damel grija séwan (témbok, sakamar) katahipoen 88 woewoeng doemoenoeng wonten kampoeng Leksa Betawi. Semanten oegi inggih badé toemoenten damel grija séwan 16 woewoeng manggèn ing kampoeng Menteng Poelo séwan f 34,50.

Poenale Sanctie.

Kala Tweede Kamer ngladjengaken ngrembag begrooting Indonésijah, Minister Djadjahan mratélakaken bilih poenale sanctie kanggé wekdal sapoenika taksih dèrèng saged kasowak.

Tjandoe peteng.

Dèrèng dangoe poenika resisirapjoen ing Betawi ngonangi tijang Tionghoa ambekta tjandoe peteng pengaos f 1500. Tionghoa waoe dipoentjepeng, apjoenipoen karampas.

Balapan kapal.

„Het Paardensportblad" njarijosaken bilih balapan kapal katetépaken wonten Semarang tanggal 27 lan 28 September: Soerakarta 18, lan 19 October: Ngajogjakarta 1, lan 2 November; Betawi 15 lan 16 November.

Poetri Joelianah dateng Indonésijah?

S. k. *Het Vaderland* mireng bilih poetri Juliana poetri dalem S. M. R. Wilhelminah mbéndjing-mbéndjing badé ngrawoehi tanah Indonesijah. Nanging serat kabar waoe inggih dèrèng saged mestèkaken njata-botenipoen.

Koeli nglawan pangageng.

Aneta saking Medan tanggal 15 Februari martosaken bilih ing onderneming Poeloe Ajam wonten koeli asli saking tanah Djawi badé ambatjok assistent kebon, nanging dipoensapih mandoripoen. Ingkang dados sabab margi katjentok anggènipoen njamboet damel. Koeli poenika waoe dipoentjepeng poelisi.

Semanten oegi ing onderneming Soengai Dadap inggih wonten koeli badé nglawan mandoripoen, nanging saged kasapih kantjanipoen koeli sanès. Ingkang dados sabab margi kaèngetaken anggènipoen boten malebet njamboet damel.

Kasangsaran dipoensidem.

Dèrèng dangoe ing panggilingan pantoen ing Tjipinang Cornelis wonten koeli ketjepit vrachtauto kalijan grobag (wagen) ingkang kagandèngaken angsal vrachtauto waoe. Koeli waoe ladjeng kémawon kaantoekaken dateng grijanipoen, boten kalapoeraken dateng kapoelisèn. Let kalih dinten, pedjah, Sareng makaten pawartos bab kasangsaran waoe ladjeng kapireng mrika-mriki. Poelisi nindakaken paniti priksa. Mangka saoepami ladjeng kalapoeraken, bokmanawi tijang waoe taksih raged dipoenpitoeloengi. (Mataram).

Kondoer dateng Indonesia malih.

Toewan A. B. ten Berge warga gedelegeerde Raad Kawoela ingkang sapoenika wonten nagari Walandi, béndjing 7 Maart badé mriki malih, nitih baita Grotius.

MANTJA NAGARI.

RERESAH ING INDO CHINA.

Pawartos reresah ing Indo China poenika ingkang langkoeng tjeta manoet serat-serat kabar ingkang saking Shaigon makaten ringkesipoen:

Sadèrèngipoen wonten gégéran kala woelan kapengker, paréntah Parangakik pantjèn sampoen gadah raos njamaraken ébah-ébahan kabangsan, poenika margi katitik saking: 1. wonten ambtenaar-nagari dipoenpedjahi; (toewan M. Bazin); lan wonten malih magistraat M. Madaillat inggih badé pinardjaja déning tetijang ingkang kininten dados warganing pakempalan abrit. 2. Bedil-bedil, lan obat-obat katah ingkang itjal. 3. Brontakipoen tawanan politiek ing sisih Kidoel. 4. Gégéran alit-alitan sakedap, ing Cochin China kala zomer ingkang kapengker. 5. Mandjer bandéra kabangsan, poenapadéné glagat-glagat mengsah Nagari, kala woelan Mei taoen kapengker.

Katjarijosaken, ing ngrikoe wonten pakempalan sakawan ingkang sedyanipoen badé brontak. Pangandjoering pakempalan waoe tansah sasambetan kalijan djempol-djempol ing nagari Tiongkok. Paréntah njoemerepi prakawis poenika. Mila ing salebetipoen sawatawis woelan ing sa Indo China boten kirang saking tijang 2000 ingkang katjepengan.

Kala 3 Febr. ing onderneming Michelin ing Phu-Rieng, wonten koeli pedjah. Sadaja koeli ingkang toenggil sadoesoen kalijan koeli ingkang pedjah, sami neda liboer badé ngoentabaken lajon. Paneda waoe boten angsal.... Éwadéné sami nékad. Poelisi nindakaken paniti priksa sinten ingkang ngodjok-odjoki makaten poenika. Éndjingipoen poelisi badé ambekta tijang ingkang katahan. Nanging koeli 1300 sami boten angsal, lan tandoekipoen kadoek wani. Ing dinten waoe boten wonten koeli ingkang poeroen njamboet damel.

Rebo éndjing sami poeroen njamboet damel. Sareng sijang poelisi sawatawis dateng, anglempakaken koeli 1300 waoe badé njepeng tijang ingkang moeroegaken damel boten saé. Nanging koeli-koeli sadaja angekahi. Malah koeli-koeli waoe ladjeng mentoengi, mbentoeri séla golongan poelisi, ngantos wonten agèn kalih ketaton. Ngadjengaken wantji éndjing onderneming kadatengan poelisi saking Saigon, Cholon, Bienhoa, Thudaumot sami asikep dadamel, njepengi tetijang ingkang kamanah lepat. Kala samanten boten poenapa-poenapa déning koeli-koeli sami adjrih sendjatanipoen poelisi. Tanggal 10 Febr. wonten koeli 20 sawegpoeroen wiwit njamboet damel. Papriksanipoen poelisi saged njoemerepi ing onderneming ngrikoe wonten kas winados. Saben koeli satoenggal nglebeti saesèn sadinten. Ingkang njepeng kas waoe salah satoenggiling mandor agèn Moskou..... Sareng koeli-koeli sami bergerak poen mandor ngitjal tanpa prasaben poenapa-poenapa.

Kadjawi ing nginggil saged kasoemerepan ing provincie Kien An poelisi manggih bom 150 kapendem wonten sabin. Tetijang prov. Kien An katah ingkang dipoentjepengi. Semanten oegi ing kiwa-tengenipoen Hanoy inggih katah bom pinanggih. Pangintenipoen tetijang, poenika kalebetaken saking nagari Tiongkok medal tapel wates.

Sasampoenipoen wonten lalampahan ing nginggil poenapa poenika, ladjeng kala malem tanggal 10 Febr. wonten ontran-ontran kados ingkang sampoen kawartosaken wonten ngriki. Wadyabala bangsa Tonkin 200 kabantoe tijang kominis Priboemi nenem, djam 2 éndjing ngrabasa bètèng Yen Bai. Ingkang pedjah kaptin Jourdan, litnan Robert, adjoedan Cuneo sersan Damour lan Chevalier, adjoedan Troteaux. Golongan kraman inggih katah ingkang tiwas, lan loemadjeng sandjata-sandjata lan mimis. Toenggil wekdal kalijan ing Yen Bay padjagèn poelisi ing Hung Hoa dipoentempoeh tijang kalih dasa, nanging tetijang 20 poenika waoe ladjeng sami loemadjeng andelik.

Tanggal 10 Febr. sonten ing Hanoy kapireng soewantenipoen bom lan pistoel.

Wonten tijang sami noempak sepédah mistoeli agèn-agèn ladjeng sami loemadjeng.

Katah tijang sami dipoentahan.—